# QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍNDA PATIYA (ALǴIS, ǴARǴÍS, TILEK)LARDÍŃ ZAMANAǴÓY TIPOLOGIYASÍ HÁM KLASSIFIKACIYASÍ

**L.A.Abdimuratov,**
*erkin izleniwshi. Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı.*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903009

***Annotaciya:*** *Maqalada Qaraqalpaq xalqınıń úrip-ádet, salt-dástúrleriniń arasında pátiyanıńtutqan ornı hám klassifikaciyalanıwı menen birge tipologiyası sóz etilgen.*

***Аннотация:*** *В статье рассматривается роль и классификация благословения среди обычаев и традиций каракалпакского народа, а также его типология.*

***Abstract:*** *The article examines the role and classification of blessing among the customs and traditions of the Karakalpak people, as well as its typology.*

***Tayanısh sózler:*** *Sociyallıq, forma, pátiya, algıs, ǵargıs, tilek, faktor, semsntikalıq, kommunikativlik, pragmatik, aspektte.*

***Ключевые слова:*** *социальный, форма, благословение, благодарность, проклятие, желание, фактор, семантический, коммуникативный, прагматичный, в аспекте.*

***Key word:*** *social, form, blessing, gratitude, curse, wish, factor, semantic, communicative, pragmatic, in the aspect.*

Pátiya-arab tilinen alınǵan bolıp, hár bir insanǵa beriletuǵın jaqsı tilek, jaqsı niyet, insannıń arzıw ármanlarınıń ámelge asıwınıń birden-bir tiykarı sıpatında qabıl etiledi. Pátiya, algıs sózleri xalıq arasında júdá keń taralǵan bolıp, onıń aytılatuǵın ornı turmısta júdá kóp. Olardıń eń kóp qollanılatuǵın jeri, awqattı jep bolǵannan keyin pátiya qılıw.

Uzaq dáwirlerden kiyatırǵan ata-babalarımızdan miyras bolıp qalǵan pátiya-algıs sovetlik dáwirde din menen baylanıstırılıp, eski dáwirdiń qaldıǵı dep qaralanǵan. Pátiya algıs soǵan qaramastan, qanday qarama qarsılıq bolsada xalıq arasında jasap qaldı. Asqayırıw, pátiya etiw musılman xalıqlarınıń ólmeytuǵın dástúri bolıp qaldı.

Filolog ilimpaz Q.Maqsetov Asqayırıw, pátiyada eki baǵdardı atap ótedi. [Maqsetov Q. 1996: 122]

Birinshi, túrkiy xalıqlardıń ata-babalardan kiyatırǵan ózleri dóretken pátiyaları menen algısları, ekenshisi, islam dininiń tásirinde xalıq arasında taraǵan qurannan súwreler oqıp atqarılatuǵın pátiyalar. Bulardıń ekewindede xalıqqa, jámiyetke yaki jeke adamǵa ziyan keletuǵın nárseler joq ekenligin, kerisinshe, dástúr bolıp ketken duwalar oqılatuǵınlıǵın atap ótedi. Usı dástúrdiń orınlanıwı menen adamlar ózin jeńil sezedi, qanaatlanıwshılıq sezimin payda etedi, adamlarda qandayda bir jaqsı

tileklerge sharlawshılıq payda boladı. Tágdirge ómirge ırzashılıq, jaqsı arzıwlar menen jasaw isenimi payda boladı.

Awqat jep bolǵannan keyin oqılatuǵın pátiyalardıń túrler kóp. Olardan geyparaların mısal retinde esletip ótiwge boladı. Mısalı mınaday sózler qol jayılıp aytıladı. "Áwmiyin jarlıqet, qabılet, baq bersin báleńnen saqla", "Áwmiyin toy bolsın, waqtı xoshlıq bolsın", "Áwmin, amanlaq bolsın, tınıshlıq bolsın" t.b. Geyde jası úlken adamlar menen toy, mereke, lazımda ushırasıp qalǵanda da olar "izzeti abıray, abıraydan ayırmaǵay, allahu akbar" dep qol kóterip pátiya qıladı.

Pátiya oqıwdıń túrleri kóp. Ata-ana balası menen qızına baxıtlı bolıwı ushın jaqsı tilekler aytadı, pátiya beredi. Qariyalar jaslardıń húrmetin kórip, olardıń baxıtlı bolıwı ushın pátiya qıladı. Pátiya beriw, alǵıs aytıw kóp ǵana jaqsılıq nárselerdiń hámmesine qollanıladı. Birewler uzaq saparǵa ketip baratırsa da "aman barıp, saw kel" dep alǵıs sózin ayamaydı. Birew kishkene ǵana jaqsılıq islesede oǵan "bereket tap", "baxıtlı bol"- dep alǵıs aytıladı. Aq pátiya, alǵıs alıw xalıqtıń morallıq kelbetine ásirler boyı kirip ketkeni sonshelli, bul minez-qulıqtıń normasına aynalǵan. Xalıq awzındaǵı alǵıs, pátiyalardıń mınaday aytılauǵın túrleri bar. Olar hár qıylılıǵı menen, mazmunı menen tıńlaǵan adamǵa úlken tásir jasaydı:

Otırǵan jeriń orda bolsın,
Barǵan jeriń báhár bolsın,
Júziń jarqın bolsın,
Tiliń uzın bolsın,
Júrgende jolıń bolsın,
Mártebeń bálent bolsın,
Ot bálesinen,
Suw bálesinen,
Jala, dóhmet bálesinen,
Aman bolǵaysań,
Ósip-ónip maqset-muradıńa jetkeyseń [Qaraqalpaq folklorı V tom, 1980: 251]

Jaqsı tilekler menen aytılatuǵın alǵıs, pátiya menen birge xalıq turmısında ǵarǵıstıń da bar ekenin aytıw kerek. Zeyinge tiygen, hár qıylı sebepler menen, sonıń ishinde zorlıqtı, zombılıq, kewil qaldırıwda, aldawda, urlıqta, basqada jaman qásiyetlerge baylanıslı ǵarǵıslarda aytıladı. Xalıq arasında "ǵarǵıs urǵan adam ońbaydı" degen sóz bar. Birew-birewge pánt berip ońbay júrse, onı xalıq "ǵarǵıs alǵan", "ǵarǵısqa ushıraǵan" deydi. Ǵarǵısta da sóz kúshiniń qúdiretine isenim bildiredi. Ǵarǵıstıń túrleri turmısta oǵada kóp, sonıń menen birge olar qaraqalpaq folklorınıń barlıq janrında da alǵıs sıyaqlı unamsız waqıya, hádiyselerdi súwretlewge

qollanıp otıradı. Xalıq arasında "ǵarǵıs alma" degen násiyat bar. Xalqımızdıń eń jaqsı dáchtúri boyınsha ata-ana perzetlerine "ǵarǵıstan qash, alǵıs al" dep úyretedi. Durısında da ǵarǵıs jan túrshiktiredi, atılǵan oqtay kórinedi: "Bereket tappaǵır", "Qırshınıńnan qıyılǵır", "awzıńnan qanıń kelgir", "úyiń kúygir", "jıynaǵan tergeniń buyırmaǵır", "Bala-shaǵańnıń ráhátin kórmegeyseń", "Ónip óspegeyseń" h.t.b.

Ulıwmalıq túrde Pátiya (alǵıs, ǵarǵıs, tilek)lar tómendegi jaǵdaylarda qollanılatuǵınlıǵın kóriwimiz múmkin:

1. Xalıq arasında hám sociallıq turmısımızda.
2. Qaraqalpaq ádebiyatı, tikkeley xalıq awızeki dórtpelerinde (dástanlardıń mazmunında)
3. Lirikalıq formada (qosıq qatarları arqalı)
4. Epikalıq formada (gúrriń formasında, tekst formasında)
5. Dialog formasında h.t.b.

Óz gezeginde bunday hár túrli formada beriletuǵın Pátiya (alǵıs,ǵarǵıs,tilek)lardıń tipologiyasın anıqlawdı talap etedi.

Biraq búgingi kúnde jáhán ádebiyatında Pátiya (alǵıs,ǵarǵıs,tilek)lerdi úyreniw boyınsha alıp barılǵan izertlewler tiykarında onıń zamanagóy tipologiyasın anıqlawǵa bolǵan háreketlerdiń ámelge asırılıp atırǵanın kóriwimiz múmkin. Bunda Pátiya (alǵıs,ǵarǵıs,tilek)lardı úyreniw hám olardı klassifikaciyalar menen tipologiyalarǵı ajıratıw boyınsha hár túrli qatnas (jantasıw)lardı kóriwimiz múmkin.

**Pátiya (alǵıs,ǵarǵıs,tilek)lerdi úyreniwde hár túrli qatnas (jantasıw)lar ushırasadı**:

- kommunikativ-pragmatik qatnas (jantasıw),
- semantikalıq qatnas (jantasıw),
- kognitiv qatnas (jantasıw).

Banday qatnas (jantasıw)lardıń nátiyjesinde Pátiya (alǵıs,ǵarǵıs,tilek)lerdiń parametrleri anıqlanǵan.

Filolog ilimpaz A.G.Berdnikova [Бердникова А.Г. 2005: 28C] alǵıslardı bildiriwde sóylew janrınıń parametrleri hám olarǵa tásir etiwshi faktorlardı anıqlaydı. Bular:

1. Alǵıslardı bildiriwde sóylew janrınıń kommunikativ-sitcaciyalı parametri bolıp, oǵan ekstralingvistikalıq faktorlar tásir etedi.
2. Alǵıslardı bildiriwde sóylew janrınıń til qurallarınıń parametri bolıp, oǵan lingvistikalıq faktorlar tásir etedi.

Sonday-aq, ilimpaz semantikalıq-pragmatik aspektte alǵıslardı eki túrge bóledi. Bular:

Tuwrıdan-tuwrı alǵıslar. Bunday alǵıslar "Rahmet", "Minnetdarman", "sizge qarızdarman" sıyaqlı terminlerden paydalanǵan halda tómendegi formada qollanılatuǵınlıǵın bildiredi. Bular:

- performativ qollanıw,
- deskreptiv qollanıw,
- kvaziperformativ qollanıw.

1. Kóshpeli mánistegi alǵıslar.

- ritual-emocional túrde alǵıslardı qollanıw,
- motivaciyalı-motivaciyasız mániste alǵıslardı qollanıw,
- verballı-verbalsız túrde alǵıslardı qollanıw.

Ulıwma pátiya(alǵıs, ǵarǵıs, tilek)lar *birinshiden*, subyekttiń adresatqa qarata minnetdarshılıq sezimin bildiriw, *ekinshiden*, ádebiyatta bolsa avtordıń atınan tekst yamasa lirikalıq qosıq qatarları arqalı ámelge asırılatuǵın process menen baylanıslı bolıp tabıladı

Alıp barılǵan izleniwlerdiń nátiyjesinde biz tómendegi juwmaqqa keldik:

qaraqalpaq xalqında pátiya (alǵıs, ǵarǵıs, tilek)lardiń hár túrli mazmunǵa iye ekenligin kóriwi múmkin. Yaǵnıy, bular hám unamlı, hám unamsız xaraterga iye bolıp tabıladı;

-pátiya (alǵıs, ǵarǵıs, tilek) – bul qaraqalpaq ádebiyatında hám sociallıq turmısta ushırasatuǵın hár bir xalıqqa, onıń ózine tán mentaliteti menen baylanıslı bolǵan janr túrlerinen biri sanaladı,

-qaraqalpaq ádebiyatında hám xalıq arasında ushırasatuǵın pátiya (alǵıs, ǵarǵıs, tilek) tárbiya quralı sıpatında xızmet etedi. Olar balalardıń ádep-ikramlılıq, intellektual rawajlanıwına óziniń tásirin tiygizedi,

-qaraqalpaq ádebiyatında hám xalıq arasında ushırasatuǵın pátiya (alǵıs, ǵarǵıs, tilek)ler hár túrli xalıqlardıń mádeniy, tariyxıy hám sociallıq tájiriybelerin úyrenip barıwǵa xızmet etedi.

**Ádebiyatlar.**

1. Бердникова А.Г. Речевой жанр благодарности: когнитивнй и семантико-прагматический аспект. Автореф. дисс. к.филол.н. Новосибирск: 2005.
2. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awız eki dóretpeleri – Nókis: Bilim baspası, 1996.
3. Qaraqalpaq folklorı, V tom – Nókis: Qaraqalpaqstan baspası, 1980.